Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 49 (6569) 9 октябрь 2017 с. Итни МухIаррам 1439 с. Багьа 5 гъур.




БАРКИ

## Баркула росдал магIишаталъул хIалтIухъабазда

**ХIурматиял росдал магIишаталъул хIалтIухъаби! Къабул гьабе «Гумбет район» муниципалияб районалъул рахъалдасан ракIракIалъулаб барки. Профессионалияб байрамгун, росдал магIишаталъул хIалтIухъаби – гIухьби, дояркаби, механизаторал, лъалъадухъаби, колхозчагIи, захIматалъул ветеранал!**

Нужеца гIезарурал нигIматаз бечед гьарула щивасул рокъор столал, камугеги батIи-батIиял кванил нигIматал рокъоса.Байрамалда мустахIикъаб дандчIвай гьабизелъун районалъул росдал магIишаталъул хIалтIухъабаз бергьенлъаби росулел руго росдал магIишаталъул нигIматал гIезариялъулъ. РакIчIараб буго хадубккунги росдал магIишаталъул аслиял бутIаби – хурухъанлъи, гIи-боцIухъанлъи цебетIезабиялда жеги лъикIал хIасилал росизе рукIиналда.

Гьарула нужее халатаб гIумру, щулияб сахлъи, росдал магIишаталъул нигIматал гIезариялъулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

АВЛАХЪАЛ ХАРИЛ ЦIУРАБ, ХЪУТАБИ ГIИЯЛ ЦIУРАБ...

## ГIаммал магIишатазе хIажат руго техника ва тIалаб

### Бакълъул мухъалъул депутатазул сессиялда гьоркьоб лъуна росдал магIишаталъул суал

**4 октябралда Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул Собраниялъул иргадулаб сессия. Гьениб гIахьаллъи гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас, гьесул заместителаз, райсобраниялъул депутатаз, учреждениязул, гIуцIабазул, школазул нухмалъулез ва цогидазги.**

Сессия рагьана ва бачана районалъул Собраниялъул председатель **МухтарахIмад АхIмадовас.**

Сессиялда гьоркьор лъуна Гумбет районалда росдал магIишаталъул бугеб хIалалъул ва гьеб цебетIезабиялъе тадбиразул, лъайкьеялъул учреждениял хасалоялде хIадурлъиялъул, «Гумбет район» муниципалияб районалъул 2017 соналъе ва плановияб 2018-2019 сонaзе бюджеталда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан доклад гьабуна районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель **Ибрагьим Ибрагьимовас.**

Гьес бицана гьаб соналъ пихъил, хасел бекьалъул, пиринчIалъул бечедаб бачIин щвеялъулги, росдал магIишаталъул техника басралъун букIиналъулги, ахал, хурзал лъалъазе лъим гIураб къадаралда щунгутIиялъулги,



СПКязул гIачиязулги гIиялги фермабазда аскIор ракул чIахIиял гохIал ругониги, гьеб хурзабахъе баччунгутIиялъулги. Рехсана гIи-боцIудаса квас, рахь дагь щолеб букIинги ва цогидал гIунгутIабиги.

ТIасан кIалъазе рахъана районалъул Собраниялъул депутат, ракьул суалазул, росдал магIишаталъул, аграрияб политикаялъул рахъалъ комиссиялъул член **ГIабдулгIазиз Юсупов**, районалъул херазул советалъул председатель **ГIали ГIумархIажиев**, экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул зоотехник **МухIамад ГIалиев**, «Гумбетовская» МТСалъул нухмалъулев **Пахрудин ГIалихIажиев**. Гьеб суалалда хурхун сессиялда кIалъазе рахъараз рорхарал суалазе жавабал кьуна ва кIалъай гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

Лъайкьеялъул учреждениял хасалоялде хIадурлъиялъул, гьеб рахъалъ церечIарал масъалабазул бицана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул 2017 соналъе ва плановияб 2018-2019 сонезе бюджеталда гьарулел ругел хиса-басиязул бицана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель, финансовияб управлениялъул нухмалъулев **РурухIма Халидовас.**

ХIасилазулаб кIалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Гьоркьор лъурал суалазда хурхун гIатIидал хIукмабиги къабул гьаруна.

**Къурмагъиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:

### ГIолел гIелазе – сахлъи, къуват, лебаллъи



- 2 гьум .

### Рамазан ГIабдулатIипов вуго бихьинаб хIара



- 3 гьум .

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Нух, ФАП, лъималазул ах – ЦIияб Данухъ росдал масъалаби

### Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов ва Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиев гьеб росдал жамагIатгун дандчIвана

**Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиев ва Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов ЦIияб Данухъ росулъе ана ва росдал гIадамалгун дандчIвана.**

Сапаралда гьезда цадахъ рукIана депутатасул кумекчагIи **ГIалихан Бегаев** ва **ГIали ГIумархIажиев.** ДандчIваялда рорхана ЦIияб Данухъ росдал гIадамазе кIвар бугел суалал: росулъе 500 метр халалъухъе нухда хьил тIей, фельдшерлъиялъул пункт тIаде бакI бан гIатIид гьаби, лъималазул ах бай ва цогидалги. БакIалъулаб школалъул директор **ГIисахIажи Юнусовас** абуна школалда богорукъалъе санагIатаб рукъ гьечIилан. НурмухIамад ГIалиев кIальана ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министр ШагьгIабас Шагьовасухъе, гьес рагIи кьуна кумек гьабизе.

ХIажимурад МухIамадовас рагIи кьуна фельдшерлъиялъул пункталъе тIаде бакI баялъе кумек гьабизе.

Росулъе бугеб нухда хьил тIеялъул суалалъул халгьабизелъун, депутат ГIалиевас абуна республикаялъул нухазул магIишаталъе нухмалъулев Хучбар Загьидовгун дандчIвалин. Лъималазул ах баялъул суал Дагъистаналъул хIукуматалда цебе лъелин абуна депутатасги районалъул бетIерасги.



Хадур гьел щвана бакIалъулаб школалде, фельдшерлъиялъул пункталде, футбол хIалеб гьитIинаб байданалде, лъикIаб кьимат кьуна гьениб хIалтIи гIуцIиялъе.

ЦIияб Данухъ яшав гьабулел разилъана дандчIваялдаса ва жидер тIалабазде кIвар кьуралъухъ баркала кьуна НурмухIамад ГIалиевасеги ХIажимурад МухIамадовасеги.

**«Гумбет» РИО**

ХЪАХIАЛ КЪУНКЪРАБАЗУЛ ДАИМАБ РОРЖЕН

# «Дун, ЦIадаса Расул, ворчIизе гьаве!»

### Бакълъулазул ракьалда – «ХIамзатовасул цIалиял»

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул залалда тIобитIана Расул ХIамзатовасул бищун лъикIал асарал рекIехъе рикIкIиналъул «ХIамзатовасулал цIалиял» конкурс. Жидерго махщел бихьизабуна районалъул 1- 11 классазул цIалдохъабаз.**




Районалъул лъайкьеялъул отделалъ гIуцIана гьеб тадбир. Гьелъул мурад букIана Расул ХIамзатовасул творчествоялде цIалдохъабазул рокьи бижизаби, махщел камилал лъимал тIатинари, гьезул рахъкквей.

Конкурсалда гIахьаллъана школазда тIоритIарал кьецазда бергьарал цIалдохъаби. Кьецал ана 1-4, 5-7, 8-9, 10-11 классазул цIалдохъабазда гьоркьор. ГIахьаллъана районалъул 16 школалдаса 52 цIалдохъан. Лъималаз рекIехъе цIалана Расул ХIамзатовасул асарал гIурус ва авар мацIазда, бихьизабуна лъикIаб махщел.

Бищун лъикI кучIдул рикIкIунел тIаса рищизе жюриялда гьорлъе рачун рукIана районалъул школаздаса мугIалимал, лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъаби, гьединго районалда шагIирал.

Конкурсалда бергьана:

**1-4 классал:**

ПатIимат Мансурова – 4 класс, ТIад Инхо СОШ – тIоцебесеб бакI.

Бикагъиз МухIамадова – 4 класс, МелъелтIа СОШ – кIиабилеб бакI.

Асият Салимова – 3 класс, ЧIиркъатIа СОШ - лъабабилеб бакI.

**5 -7 классал:**

ПатIимат АхIмаднабиева – 6 класс, МелъелтIа СОШ – тIоцебесеб бакI.

Самира ХIажимурадова – 6 класс, Игьали СОШ – кIиабилеб бакI.

Ражаб ГIабдулаев – 5 класс, ЧIиркъатIа СОШ, лъабабилеб бакI.

**8 – 9 классал:**

Макка Аххубегова – 8 класс, МелъелтIа СОШ – тIоцебесеб бакI.

Зайнаб ГIабдусамадова – 8 класс, Игьали СОШ – кIиабилеб бакI.

СалихIат Ибрагьимханова – 8 класс, ЧIиркъатIа СОШ – лъабабилеб бакI.

**10 – 11 классал:**

Хадижат МухIамадова – 10 класс, МелъелтIа СОШ – тIоцебесеб бакI.

Зайнаб Заирбегова – 10 - класс, Килалъ СОШ – кIиабилеб бакI.

Зайнаб ГIалимирзаева – 11 класс, ЧIиркъатIа СОШ – лъабабилеб бакI.

«ГIадатлъун лъугьун буго «ХIамзатовасулал цIалиял» абураб районалъул конкурс тIобитIи. Жакъасеб тадбир Дагъистаналъул машгьурав хъвадарухъан ракIалде щвезавулеблъун гуребги, поэзиялъул унго-унгояб байрамлъунги лъугьана», - ян абуна лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.**

**«Гумбет» РИО**

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

# Бегун хвараб къаркъала, къо ккани, хьадарлъула...

### Физическияб культура ва спорт церетIезариялъул суалал рорхана

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, администрациялда тIобитIана данделъи ва гьенир гьоркьор лъуна Гумбет районалда физическияб культура ва спорт цебетIезабиялъул, физкультураялъул дарсал кьеялъул кьагIидаби камил гьариялъул, ГТОялъул нормаби гIаммаб лъайкьеялъул учреждениязда кьеялъул, ДЮСШязул хIаракатчилъи гьанжесел тIалабазда гIуцIиялъул хIакъалъулъ суалал.**



Данделъиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **Рамазан АхIмаднабиев**, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадов**, культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадов,** школазул физическияб культураялъул учительзаби, районалъул спортивиял школазул нухмалъулел, тренерал.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас абуна физическияб культура ва спорт бокьулезе шартIал чIезаризе, республикаялъулаб даражаялде Гумбеталъул спорт бахинабизе, спортшколазде гьоркьоса къотIичIого ругьунлъабазде хьвадулезул кьадар цIикIкIинабизе ккелин.

Данделъиялда кIалъазе рахъана, физическияб культура ва спорт районалда цебетIезабиялъул, церечIарал масъалабазул бицана Муса КъурамухIамадовас ва НурмухIамад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

МАГIАРУЛ ЧИ – ЧАРМИЛ СИ

# ГIолел гIелазе – сахлъи, къуват, лебаллъи

### Гумбет районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиев ЧIиркъатIа ДЮСШялде щвана

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, заместитель Рамазан АхIмаднабиев щвана ЧIиркъатIа ДЮСШялде, гьеб учреждениялъул бугеб хIалалъул халгьабизе ва цебетIеялъе нухал тIатинаризе.**

ХIалтIулаб сапаралда гьесда цадахъ рукIана культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадов,** информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев **ХIамзат ГIизудинов** ва цогидалги.

- Районалъул бетIерасул заместителас халгьабуна спорталъул ругьунлъабазде лъимал хьвадулел ДЮСШялъул залазул, гьенир гIуцIун ругел шартIазул.

«ЧIиркъатIа ДЮСШ ккола Гумбет районалда цебегоялдаса хIалтIулеб спортивияб гIуцIи. Районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб буго спорт цебетIезабиялде. ЧIиркъатIа ДЮСШ цебетIезе, гьелъул спортивиял секциял хIажатаб кьайиялдалъун хьезаризе, гьоркьоса къотIичIого лъимал хьвадизаризе ккола. Районалъул нухмалъулез хIисабалде босун буго ЧIиркъатIа ДЮСШ хIажатабщиналдалъун хьезабизе», - ян абуна Рамазан АхIмаднабиевас.

ЧIиркъатIа ДЮСШялъул нухмалъулев ГIабдухаликъ Шихшалаевасул кабинеталъуб тIобитIана данделъи ва гьоркьор лъуна гьеб учреждениялъул цебетIеялъул суал. Данделъи бачана Рамазан АхIмаднабиевас. Гьенир гIахьаллъана «Село Чиркета» росдал поселениялъул бетIер ХIадисхIажи МухIамадов ва цогидалги.

**«Гумбет» РИО**

ТАРИХИЯЛ ДАРСАЛ

# Рамазан ГIабдулатIипов вуго бихьинаб хIара

## ЧIвадарухъабаздаса Дагъистан бацIцIад гьабуна гьес

**2013-2017 соназда Дагъистаналъе бетIерлъи гьабурав Рамазан ГIабдулатIиповасул хIаракат Дагъистаналъеги тIолго Россиялъеги цIакъ пайдаяб букIана. Гьесул жигарги, бажариги, гIакълу-лъайги халкъалъе, улкаялъе гIоло хIалтIана, сордо-къоялъ чIечIого. Амма гьесул гIатIидаб, кIудияб хIалтIи щвалде щун бихьизабичIо гьесул пресс-хъулухъалъги цадахъ хIалтIулезги. Заман анагIан, цIикIкIун къимат гьабила дагъистанияз ва Россиялъул киналго гражданаз Рамазан ГIабдулатIиповасул.**

Гьесул политикаялъул аслияб бергьенлъаби ккола Дагъистаналда рекъел, хIинкъигьечIолъи букIинабизе бажари, чIвадарухъабазул кверщалидаса республика эркен гьаби. Бокьарав велъила, бокьарав гIодила, амма хIакъикъат гьединаб буго.

### АнцI-анцI школал, лъималазул ахал, нухал…

КъасабчагIаз боцIи гIадин, хьолеб, ччукIулеб букIана Дагъистаналъул халкъ. ТIад магъало лъун, хьачагъаз лагълъукье ккезарун рукIана пачалихъиял хъулухъчагIиги, базаргабиги, гIадатиял гIадамалги. Пачалихъалъул, тIалъиялъул суратто биххун, лъугIун бахъун букIана. Гьеб кинабго гIадлу гьечIолъиялда ва чороклъиялда кьаби щвезабуна ГIабдулатIиповас. Гьес Дагъистаналъе бетIерлъи гьабурал сонazда гIадамазда кIвана бигьаго хIухьел цIазе, магIишат цебетIезабизе, гIумру цебе бачине.

Рамазан ГIабдулатIиповасул заманалда кIохIалго гIодов чIун пачалихъалъул хIалтIухъан течIо. Гьесдаса тIалаб гьабуна яги хIалтIейин, яги хъулухъалдаса нахъе айилан.



РакIалде щвезарилин ГIабдулатIиповасул заманалда Дагъистаналда гьарурал цо-цо кIвар бугел хIалтIаби. Республикаялъул тахшагьар МахIачхъалаялъе Тарнаиралъул лъим чIезабуна, анцI-анцI школал, лъималазул ахал, больницаби рагьана, хьил тIураб нухлул нус-нус километрал рахъана, миллияб маданият ва мацIал цIуниялъе, церетIеялъе кIудияб хIаракат бахъана, Россиялъул халкъазул маданияталъул кIалгIаби эхетана, гьалбадерил рукъзал, сиял, хъулби цIигьаруна, музеял рана, ва гь.ц., ва гь.ц.

Рамазан ГIабдулатIипов Дагъистаналде вачIинелде, рагъулеб цIияб объект, пачалихъияб ва социалияб бакI къанагIатаб лъугьа-бахьин кколаан. Санкцияз кIвекIулеб улкаялъул бюджет букIаниги, гьесда бажарана гIемерал цIиял бакIал рагьиялъе хIалтIи гIуцIизе.

ЧIамучIал, гIадамал сванхиялда кьижарулел, хъунхъудиялда макьилъе кколел хIалтIулал данделъаби рукIунароан Рамазан ГIабдулатIиповасул. Гьес хъулухъчагIи халкъалъе гIоло хIалтIизе тIамуна.

### Шариковазда ГIабдулатIипов вичIчIизе рес букIинчIо

Гьев нилъеда вихьана щибаб ишалда гьоркьов – хурив пурцида, кутаналда нахъаги, спортзалалда торгIо хIалевги, маданият тадбиразда магIарул тIармида бакънал рачуневги. Дол Булгаковас хъварал гьабзазул гьарурал Шариковазда гьев вичIчIичIо, вичIчIизе ресги букIинчIо. ГIурусазул кици буго, къулярав чи хобалъ гурони витIизавуларилан. Цо-цо жагьилаб, гвангвараялъуб хъанхъра чIвараб къвамалда эхере инчIо Рамазан ГIабдулатIиповасул пикрабиги, ургъелалги, мурадалги, масъалабиги, махсарабиги. Гьадинаб бутIа халкъалда гьорлъ букIаниги, жал ругин ханзабиян чIарал районазулгун шагьаразул бутIрул гьесда ратаниги, ГIабдулатIиповасда кIвана гьеб хьуцI бакъвазабизе, гьениб ах кIезе, халкъ макьидаса борчIизабизе, гIалам ракълилаб ва хIалтIулаб низамалде бачине. ТIубарал къватIал кьвагьизарулеб, щибаб къоялъ низам цIунулел идарабазул хIалтIухъаби чIвалеб, рагъулаб ахIвал-хIалалда щвана гьесухъе Дагъистан.

ГIорхъолъа борчIараб ахIвал-хIал лъазабун букIинчIониги, хIакъикъаталда гьединаб букIана сипат-сурат.

### Бидул нухде нуцIа къана гьес

ЧIвадарухъабазул, хъамалчагIазул, гIащтIичагIазул, зулмучагIазул, талавурчагIазул кверзукь букIана Дагъистан. Пачалихъиял гIуцIабазда лъилниги гIумру ва хIинкъи гьечIолъи цIунизе кIолеб букIинчIо. Гьединаб хIал биччан тун букIана цебесеб власталь. ГIабдулатIиповас гьеб гIалагъважаялъе ахир лъунин абизе бегьула. Низам цIунулел идарабазулги буго гьеб ишалъулъ кIудияб хIаракат. Амма аслияб жо ккола власталь гьел чIвадарухъаби, киллерал гIезари лъугIи, гьеб къагIидаялде нуцIа къай.

Рамазан ГIабдулатIиповасул хIакъалъулъ жеги гIемер хъвазе буго. Гьаб макъалаги ккола гIедегIалихъе газеталъул номералъе херхарал мухъал. ГIодоре риччан, пикру гьабун, ургъун, хIисаб гьабизе гIемерал ишалги, проекталги, суалалги нахъе тана гьес.

Абизе ккола: - Рамазан ГIабдулатIиповасул цIар буго магIарулазул, Дагъистаналъул бищун лъикIал нухмалъулезда гьоркьоб: КIудияв ГIумаханасул, Шамил имамасул, ГIабдурахIман Данияловасул цIаразда гьорлъ. Аллагьас сахлъи кьеги гьев саламатав инсанасе. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

# Четыре года, которые потрясли Дагестан

## Некоторые размышления о революционных позитивных изменениях, прошедших в Дагестане в 2014–2017 годы

**2014–2017 годы в Дагестане ознаменовались созидательным трудом, ростом социально-экономического развития региона под руководством главы республики Рамазана Абдулатипова.**

Жизнь и деятельность Рамазана Абдулатипова – это воплощение, исполнение российской мечты. Это политик, деятель, который сделал себя сам. Вырос в многодетной семье в глубинке. Начал жизненный путь с чистого листа, не унаследовал политические и иные репутационные грешки предков, не являлся наследником так называемых властных элит. Рамазан Абдулатипов – человек от сохи, из народа, понимающий изнутри чаяния и тревоги, нужды людей. Поэтому его политический курс в зрелые годы всегда был направлен на решение первоочередных, насущных проблем граждан, на облагораживание социума, улучшение уровня жизни народа.

Рамазан Абдулатипов – лидер, работающий открыто, прозрачно, которому претит страусиная позиция и философия премудрых пескарей. Он никогда не уходил от острых вопросов, наоборот, брался за их решение. Среди таких проблем – земельные и другие вопросы, доставшиеся власти в наследство из лихих 90-х годов. Рамазан Абдулатипов призывает обрабатывать земли, развивать агропромышленный комплекс, и в этой сфере республика проделала большой скачок вперед: посажены тысячи гектаров новых садов, развиваются тепличные хозяйства, виноградарство, животноводство, рыбная промышленность и другие отрасли.





В 2014–2017 годы в Дагестане прошли форумы предпринимателей, экономистов, учителей, был дан старт слаженной работе специалистов всех уровней.

Проектное управление экономикой – ноу-хау Рамазана Абдулатипова. Опыт Дагестана в реализации данной методики управления переняли многие регионы страны.

Антитеррористическая работа поставлена на высоком уровне. Гражданская власть, политическая власть продемонстрировала категорическое неприятие экстремизма и терроризма, работа всех уровней властей и настроения всего общества были нацелены на искоренение этого зла.

Некоторые активисты не смогли рассмотреть содержательную часть деятельности Рамазана Абдулатипова, увлекшись только формальной стороной. Многие сферы, отрасли экономики, пребывающие в забвении и стагнации, в эти годы влились в общий поток развития. Произошла реорганизация многих структур, в них вдохнули новую жизнь.

Без внимания к вопросам культуры социально-экономическое развитие невозможно. Поэтому Абдулатипов инициировал комплексное развитие данного направления в Дагестане. Это была культурная революция в положительном смысле этого слова. Проделана огромная, беспрецедентная работа по улучшению культурного обслуживания населения, оказанию эстетических услуг, повышению общего уровня культурной среды. Во всех районах и городах открыты десятки центров культуры народов России, построены музеи, кунацкие и другие объекты исторического, туристического значения. В Махачкале открыт Театр поэзии, в котором регулярно проходят встречи поэтов и писателей с читателями, творческие вечера и другие культурные мероприятия.

Бедой Дагестана было бездорожье. Районные центры не имели качественного транспортного сообщения со столицей Дагестана. За 2014–2017 годы построено сотни километров асфальтированной дороги, и районные центры связаны со всеми населенными пунктами республики новыми трассами.

Большой импульс к развитию получили спорт, здравоохранение, построены новые больницы, ФАПы и другие объекты и комплексы.

Рамазан Абдулатипов – человек с государственным мышлением, его идеи, инициативы, проекты имеют колоссальное значение для Кавказского региона и всей страны.

Позитивные перемены произошли в системе образования Дагестана. Открыты десятки новых школ, детских садов и других объектов. Подрастающее поколение осознало необходимость обретения знаний, и сдача ЕГЭ стала прозрачной, объективной. Ранее результаты фальсифицировались, учеба и образовательный процесс в глазах общества были превращены в фарс. Дагестан постоянно фигурировал в новостных сводках как регион с самым непрозрачным проведением госэкзамена. В 2014–2017 годы власти республики вернули чувство достоинства учителю и всей образовательной сфере. Учиться стало модно, престижно. Образовательные, просветительские ценности возвратились в общество. Возрождается культ чтения, дети проявляют интерес к разным специальностям и еще со школьной скамьи начинают свой путь в профессию. Это завоевание Рамазана Абдулатипова, на мой взгляд, одно из самых больших достижений его политики на посту главы Республики Дагестан. В республике за эти годы фактически проходила борьба с невежеством, за будущее республики, чтобы новые и новые поколения не становились потерянными, а росли полноправными членами общества, имеющими высокую квалификацию как специалисты.

Идет активная борьба против идеологии терроризма и экстремизма, создана атмосфера, среда неприятия этих античеловеческих проявлений.

В 2014–2017 годы велась систематическая, комплексная работа по всем фронтам круглые сутки. Ритм работы первого лица Республики Дагестан был перегруженным, но направленным на улучшение жизни людей. Помимо других задач, глава региона находил время для оперативного реагирования на звонки, сообщения, письма простых граждан, а также для работы над своими книгами.

**(Продолжение - на 4 стр.)**

Цо гIакъилаб рагIиялъ гIадлуялде рачуна,
Цо тIамураб кициялъ канал берал рагъула.
Инхоса ГIали-хIажи



ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

# ГIолохъабазул газа кьурдаги рекIунеб

### Бакълъулазул районалъул нухмалъулел гIолилалгун дандчIвана

**Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, администрациялъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиев дандчIвана росабазул поселениязул гIолилазул вакилзабигун.**

Районалъул гIолилалгун цадахъ рекъон бакIалъулаб самоуправление хIалтIиялъул хIакъалъулъ суал гьоркьоб лъуна гьениб. Данделъи рагьулаго Рамазан АхIмаднабиевас абуна районалъул гIолилаз тIоритIулел тадбиразда гъорлъ жигаралда гIахьаллъизе кколин. ГIолилал – гьел ккола районалъул, республикаялъул, улкаялъул букIинесеб. Гьединлъидал гIолилал цо рахъалда чIезе бегьуларо», - ян тIаде жубана АхIмаднабиевас.

Хадув кIалъазе вахъана районалъул имам Юнус-хIажи Темирсултанов. Данделъиялда гIахьаллъаразул гьес кIвар буссинабуна гIолеб гIелалъе лъикIаб тарбия кьей кIудияб кIваралъул иш, щивасе камилаб тарбия щвеялда тIад хIалтIи жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи букIиналде.

**«Гумбет» РИО**

РАЦIЦIАЛЪИ – ДИНАЛЪУЛ БАЩАЛЪИ

## Кьищни-къулалдаса ва басрияб чIалу-рахиялдаса бацIцIад гьабуна сверухълъи

### Гумбет районалда субботник тIобитIана

**ТIолгороссиялъулаб субботникалда 30 сентябралда гIахьаллъана Гумбет районалъул учрежениязул, гIуцIабазул хIалтIухъаби. Гьез рацIцIа-ракъалъиялъулал хIалтIаби тIуразаруна.**

Субботникалда гIахьаллъараз учреждениязул, гIуцIабазул, школазул сверухълъи рищни-къулалдаса бацIцIад гьабуна. Республикаялъулал ва бакIалъул кIваралъул нухаздаса бакIарана рищни, гIорул рагIаллъабаздаса, кIкIалабахъа нахъе баччана заз, гъутIбузул ракъварал гIаркьалаби, рищни-къул.

ЧIахIиязда цадахъ хIалтIана школлъималги.

«Каспиялъул сон», «Экологиялъул сон» гIуцIа-къан нухда регIизелъун, гьаб соналъ Гумбеталда зама-заманалда тIоритIулел руго субботникал. Гьединал тадбираз тIабигIаталде, гьелъул бечелъаби цIуниялде, рацIцIалъи цIуниялде кьолеб кIвар цIикIкIуна», - ян абуна Гумбет районалъул бетIер **ХIажимурад МухIамадовас.**

**«Гумбет» РИО**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ...

# МелъелтIа ДЮСШялъул иргадулал бергьенлъаби

### Жаватхан Жаватханов ракIалде щвеялъул республикаялъулаб турнир

**Дагъистан Республика цебетIеялъул «Инсанасул капитал» приоритетнияб проект гIумруялде бахъинабулаго, Гумбет районалъул МелъелтIа тIобитIана гIисинал гIолилазда гьоркьоб, насихIатчи ва тренер Жаватхан Жаватханов ракIалде щвеялъул республикаялъул турнир.**

Гьеб тадбир рагьана «Гумбет



район» муниципалияб районалъул бетIер, эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиялъул чемпион **ХIажимурад МухIамадовас.** «Пачалихъияб кIваралъул жавабияб ишлъун ккола гIолеб гIел, гIолилал, киналго гIадамал спорталъулъе ва физическияб культураялде цIай. Районалъул бетIер хIисабалда жакъа дун вохарав вуго бакълъулазул ракьалда тIобитIулеб бугеб турниралъул гIахьалчагIазда баркизе, гьезие салам кьезе рес щвеялдаса. Улкаялда, республикаялда гIадин, нилъер районалдаги цIикIкIараб хIалтIи гьабулеб буго лъималазул, гIолилазул сахлъи щулияб букIинабиялъе, спорт цебетIезабиялъе, тIадегIанаб махщалил спортсменал куциялъе, спорталъул учреждениязул материалиябгун техникияб база щулалъизабиялъе», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Хадуб гьес баркала кьуна къецазул гIуцIарухъабазе, гьединаб кIудияб тадбир тIобитIаралъухъ.

Баркалаялъулаб кIалъай гьабуна Ингишо росдал бетIер **Камалудин Бибулатовас**. Бицана Жаватхан Жаватхановасул гIумрудул нухалъул, хIаракатчилъиялъул, районалда ва республикаялда эркенаб гугари цебетIеялъулъ гьес лъураб бутIаялъул.

Турнир гIуцIаразе, гьелъул гIахьалчагIазе, гьалбадерие, баркала кьуна кIалъазе вахъарав Жаватхан Жаватхановасул ясалъул вас, ушу-саньдаялъул рахъалъ Россиялъул ва дунялалъул чемпион Жаватхан ГIалиевас.Республикаялъул 17 районалдаса ва шагьаралдаса 200 речIчIухъанас гIахьаллъи гьабуна турниралда. Къецазул хIасилал гьарун, Гумбет районалдаса гугарухъабаз ккуна 4 призовияб бакI: 31 кг. щвезегIан цIайиялда лъабабилеб бакI Шамил ГIабдурахIмановас, 42 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI АхIмад Тимисултановас, 25 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI ГIабдула Бекмирзаевас ккуна. 46 кг. цIайиялда чемпионлъун вахъана, республикаялъул, тIолгороссиялъул турниразул, Дагъистаналда ва СКФОялда тIоцебесеб бакIалъе гIоло къецазул призералги къезарун, Набигула Астимиров. Гьел ункъалго ккола МелъелтIа ДЮСШялъул гугарухъаби.

Жиде-жидер цIайиялда чемпионаллъун рахъана Болъихъ районалдаса МухIамад СалихIов, (22 кг.), «микьго сон барав нартав», Кироваулалдаса МухIамадрасул МухIамадов (25 кг.), Болъихъ районалдаса ГIисалдибир ГIабдурахIманов (28 кг.), Костекалдаса ГъазигIали ХIажиев (31 кг.), Казбек районалдаса Шамил Качалаев (38 кг.), Хьаргаби районалдаса Рамазан Багьавудинов (42 кг.), Гумбет районалдаса Набигула Астимиров (46 кг.) Хьаргаби районалдаса ХIажимурад ТIалхIатов (50 кг), Казбек районалдаса ГIабдула ХIамзатов (58 кг.).

Абсолютияб цIайиялъул категориялда чемпионлъун вахъана Хьаргаби районалдаса НурмухIамад НурмухIамадов. Гьесие гIарцулаб сайгъат кьуна Жаватхан Жаватхановасул цIалдохъан МухIамад Хъарагишиевас. Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас хIукму гьабун, къецазда «Бергьенлъиялде гIищкъуялъе гIоло», «Бищун лъикIаб техникаялъе гIоло», «Балагьаразул ракIалъ росиялъе гIоло» лъабго номинациялда рекъон призал чIезарун рукIана. «Бергьенлъиялде гIищкъуялъе гIоло» номинациялъул призерлъун Рамазан Багьавудинов, «Бищун лъикIаб техникаялъе гIоло» номинациялъул призерлъун Набигула Астимиров, «Балагьаразул ракIалъ росиялъе гIоло» номинациялъул призерлъун МухIамадрасул МухIамадов вахъана. Ахиралда районалъул имам Юнус-хIажи Темирсултановас бицана гIолилазе рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъе гьединал тадбиразул кIваралъул ва дугIаги гьабуна.

Турниралда бергьаразе районалъул администрациялъул рахъалдасан кьуна дипломал ва медалал, Жаватхан Жаватхановасул гIагарлъиялъ ва спонсораз кьуна гIарцулал сайгъатал.

**«Гумбет» РИО**

# Четыре года, которые потрясли Дагестан

**(Начало-на 3 стр.)**

Это не скучные номенклатурные и бюрократические речи и дела, выступления с листка, когда чиновник читает шпаргалку по слогам как двоечник. Это владение ситуацией во всех сферах жизни, это позиция по всем вопросам, неравнодушие, забота и тревога о народе, Дагестане и стране – России.

Рамазан Абдулатипов – нестандартный чиновник, он построил общество с человеческим лицом, при нем процветали искусство и культура, открыли Дом поэзии, при нем День Белых журавлей стал национальным праздником Дагестана. Систематическая, комплексная работа, направленная на вытягивание Дагестана из кризиса, долговой ямы, дотационности. Рамазан Абдулатипов бросил клич: «Хватит кормиться из рук рязанского мужика». То есть дагестанцы обязаны быть законопослушными гражданами страны, исправно выплачивающими налоги, и республика обязана перейти из дотационной иглы на донорские рельсы. Для этого имеются все необходимые ресурсы, возможности. И в этом направлении за 2014–2017 годы проделана колоссальная работа, открыты новые производства, легализованы и зарегистрированы бизнес-проекты, экономика республики переживает обеление и обновление.

Рамазан Абдулатипов шел на непопулярные меры ради достижения успеха, ради настоящего и будущего республики, приучал людей к труду, призывал возвращаться в аулы, не терять своих корней и одновременно быть современными.

Харизматичный, эрудированный, разбирающийся во многих сферах. По моему мнению, у Дагестана не было и вряд ли будет во власти такая неординарная личность.

Однако, в 2014–2017 годы в Дагестане по-прежнему ощущался кадровый голод, но вектор развития региона был выбран правильный, стержень управления был верный. И в эти годы запущено много проектов, о которых прежде даже не догадывались, но они показали свою жизнеспособность, оригинальность, востребованность и эффективность.

Рамазан Абдулатипов – это человек мыслящий, творящий, действующий, деятельный. Гуманист на коне, а не Обломов.

В одной статье охватить все стороны активной деятельности Рамазана Абдулатипова на посту главы Дагестана сложно. В данном материале рассмотрены лишь некоторые аспекты нового курса руководства республики за 2014–2017 годы. В целом эти годы можно назвать золотым веком Дагестана, и это не будет никаким преувеличением.

**Гамзат Изудинов**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул,
тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.